

Rezime Asistans Finansye

Montefiore Medical Center rekonèt gendelè pasyan ki bezwen swen yo ap gen difikilte pou peye pou sèvis yo resevwa yo. Èd Finansye bay rabè pou moun ki kalifye yo dapre revni yo oswa kantite moun ki nan fanmi yo. Answit, si ou kalifye, nou kapab ede ou aplike pou asirans gratis oswa ki pa koute chè. Senpleman kontakte yon Repezantran Èd Finansye nan nimewo 914-361-6899, ale nan 12 North 7th Avenue Mt. Vernon, NY 10551 oswa nan adrès imèl MVFinancialAssistance@montefiore.org pou jwenn èd ki gratis ak konfidansyèl. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou règleman konsènan èd finansye sou sitwèb <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69>. Ou kapab resevwa yon fòm aplikasyon gratis pa lapòs.

Kimoun ki kalifye pou yon rabè?

Èd Finansye disponib pou pasyan ki pa gen asirans sante oswa ki pa gen ase pwoteksyon asirans sante epi k ap viv nan zòn sèvis prensipal sant medikal la (Eta New York).

Montefiore Medical Center bay aranjman pou peman tou pou pasyan ki gen pwoteksyon asirans sante, men ki gen yon depans avèk lajan pòch yo pa gen mwayen pou peye oswa yo kwè ki lakòz yo gen difikilte.

Tout moun nan Eta New York ki bezwen sèvis pou ijans oswa sèvis ki nesesè pou rezon medikal kapab resevwa swen sante epitou yo kapab jwenn yon rabè.

Nou pa kapab ba ou refi pou swen pou sèvis akòz ijans oswa pou sèvis ki nesesè pou rezon medikal paske ou bezwen èd finansye.

Ou ka aplike pou jwenn yon rabè kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou.

Kisa limit revni ye?

Kantite lajan rabè a pa menm selon revni ou ak kantite moun ki nan fanmi ou. Si ou pa gen asirans sante oswa si ou pa gen ase pwoteksyon asirans sante, limit sa yo se limit revni:

| 2019 | Gross Income Categories (Upper Limits) | | | | | | | | | | |
|---------------------------------|--|----------|----------|----------|----------|----------|-----------|-----------|-----------|-----------|-----------|
| Federal Poverty Level | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| Family Size | 100% | 125% | 150% | 175% | 185% | 200% | 250% | 300% | 400% | 500% | over 500% |
| 1 | \$12,490 | \$15,613 | \$18,735 | \$21,858 | \$23,107 | \$24,980 | \$31,225 | \$37,470 | \$49,960 | \$62,450 | \$62,450 |
| 2 | \$16,910 | \$21,138 | \$25,365 | \$29,593 | \$31,284 | \$33,820 | \$42,275 | \$50,730 | \$67,640 | \$84,550 | \$84,550 |
| 3 | \$21,330 | \$26,663 | \$31,995 | \$37,328 | \$39,461 | \$42,660 | \$53,325 | \$63,990 | \$85,320 | \$106,650 | \$106,650 |
| 4 | \$25,750 | \$32,188 | \$38,625 | \$45,063 | \$47,638 | \$51,500 | \$64,375 | \$77,250 | \$103,000 | \$128,750 | \$128,750 |
| 5 | \$30,170 | \$37,713 | \$45,255 | \$52,798 | \$55,815 | \$60,340 | \$75,425 | \$90,510 | \$120,680 | \$150,850 | \$150,850 |
| 6 | \$34,590 | \$43,238 | \$51,885 | \$60,533 | \$63,992 | \$69,180 | \$86,475 | \$103,770 | \$138,360 | \$172,950 | \$172,950 |
| 7 | \$39,010 | \$48,763 | \$58,515 | \$68,268 | \$72,169 | \$78,020 | \$97,525 | \$117,030 | \$156,040 | \$195,050 | \$195,050 |
| 8 | \$43,430 | \$54,288 | \$65,145 | \$76,003 | \$80,346 | \$86,860 | \$108,575 | \$130,290 | \$173,720 | \$217,150 | \$217,150 |
| For each additional person Add. | \$4,420 | \$5,525 | \$6,630 | \$7,735 | \$8,177 | \$8,840 | \$11,050 | \$13,260 | \$17,680 | \$22,100 | \$22,100 |

**Dapre Gid Federal Povrete an 2019

Kisa pou mwen fè si mwen pa satisfè limit revni yo?

Si ou pa kapab peye bòdwo ou, Montefiore Medical Center gen yon kategori èd finansye pou tout moun ki aplike. Pousantaj rabè a ap depannde revni anyèl ou ak kantite moun ki nan fanmi ou. Nou ofri plan peman pwolonje tou, epi peman pa mwa a p ap depase dis (10) pou san revni pa mwa ou. Yon rabè pou koutwazi disponib pou pasyan ki depase nivo 500% nivo federal povrete. Rabè pou pasyan k ap peye poukont yo disponib tou pou sèvis ki pa nesèsè pou rezon medikal.

Èske yon moun kapab ban mwen eksplikasyon sou rabè a? Èske yon moun ka ede mwen aplike?

Genyen èd gratis ak konfidansyèl ki disponib. Rele Èd Finansye nan nimewo 914-361-6899

Si ou pa pale lang Anglè, yon moun ap ede ou nan lang natifnatal ou. Aplikasyon yo, rezime yo ak règleman an okonplè disponib nan anpil lang gratis.

Reprezantan Èd Finansye a kapab di ou si ou kalifye pou asirans gratis oswa pou asirans ki pa chè, tankou Medicaid, Child Health Plus oswa yon Plan Sante Admisib (pandan peryòd enskripsyon an).

Si Reprezantan Èd Finansye a jwenn ou pa kalifye pou asirans ki pa chè, l ap ede ou aplike pou jwenn yon rabè. Reprezantan an ap ede ou ranpli tout fòm yo epi l ap fè ou konnen ki dokiman ou dwe pote.

Tanpri ale nan biwo a oswa sou sitwèb <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69> pou jwenn lòt enfòmasyon oswa èd.

12 North 7th Avenue Mt. Vernon, NY 10551 oswa imèl demann ou nan MVFinancialAssistance@montefiore.org.

Kisa mwen bezwen pou mwen aplike pou yon rabè?

Prèy revni ki akseptab:

- Etadkont avantaj chomaj
- Lèt Rekonpans Sekirite Sosyal/Pansyon
- Souch peman/Lèt verifikasyon travay
- Lèt sipò
- Lèt atestasyon pèsònèl (nan sikonstans apwopriye)
- Fòm Deklarasyon Taks sou Revni oswa W2

Tout sèvis ki nesèsè pou rezon medikal nou ofri nan Montefiore Medical Center garanti avèk rabè a. Sa gen ladan sèvis pasyan ki pa entènè, swen pou ijans ak admisyon pasyan ki entènè pou ijans.

Frè pou peye *doktè prive* ki ofri sèvis nan lopital la kapab pa garanti. Ou ta dwe pale avèk doktè prive yo pou wè si yo ofri yon rabè oswa yon plan peman. Pou jwenn yon lis pwofesyonèl swen sante ak si yo patisipe oswa pa patisipe nan Pwogram Èd Finansye Sant Medikal la, tanpri ale sou sitwèb nou nan <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69> oswa kontakte biwo Èd Finansye a epi yo kapab ba ou youn fas-a-fas oswa pa lapòs.

Konbyen lajan m ap gen pou peye?

Kantite lajan pou sèvis pou yon pasyan ki pa entène oswa pou saldiyans kòmanse ant \$0 pou timoun ak fanm ansent, selon revni ou. Kantite lajan pou sèvis pou yon pasyan ki pa entène oswa pou saldiyans kòmanse ant \$15 pou adilt yo, selon revni ou.

Yon Reprèzantan Èd Finansye ap ba ou detay sou sèten rabè depi nou apwouve aplikasyon ou.

Nou p ap fè pasyan yo peye plis pase kantite lajan nou reklame anjeneral pou ijans oswa pou lòt swen sante ki nesèsè pou rezon medikal.

Kijan pou mwen jwenn rabè a?

Ou fèt pou ranpli fòm aplikasyon an. Imedyatman nou jwenn prèv ou, nou kapab travay sou aplikasyon ou pou yon rabè selon nivo revni ou. W ap gen 30 jou pou ranpli fòm aplikasyon an.

Ou kapab aplike pou yon rabè anvan ou pran yon randevou, lè ou vini nan lopital la pou resevwa swen, oswa lè lapòs pote bòdwo a pou ou.

Voye fòm ou ranpli a nan Montefiore Mount Vernon 12 North 7th Avenue Mt. Vernon, NY 10551 / Financial Aid Office/Main Cashiers.

Lè ou remèt yon fòm aplikasyon ou ranpli ak dokiman ki kore aplikasyon an, ou pa bezwen peye okenn bòdwo jouk lè lopital la pran yon desizyon sou aplikasyon ou.

Kijan m ap konnen si yo te apwouve mwen pou rabè a?

Montefiore Medical Center ap voye yon lèt ba ou nan 30 jou apre ou fin ranpli ak soumèt dokimantasyon yo. Nan lèt sa a, n ap fè w konnen si nou apwouve ou ak nivo rabè w ap resevwa a.

Kisa pou mwen fè si mwen resevwa yon bòdwo pandan m ap tann pou konnen si mwen ka jwenn yon rabè?

Ou pa kapab gen obligasyon pou peye yon bòdwo lopital la pandan y ap evalye fòm aplikasyon ou ranpli pou jwenn yon rabè. Si w jwenn refi pou aplikasyon ou, lopital la fè pou fè w konnen rezon an alekri, epitou li dwe ba ou yon mwayen pou fè apèl kont desizyon sa a nan nivo ki pi wo nan lopital la.

Kisa pou mwen fè si mwen gen yon pwoblèm epi mwen pa kapab rezoud li avèk lopital la?

Ou kapab rele liy dirèk Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) pou fè plent nan nimewo dirèk 1-800-804-5447.

Dokiman Siplemantè B Aplikasyon

MONTEFIORE MEDICAL CENTER APLIKASYON POU ÈD FINANSYE ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

| | | | |
|------------------|--|------------------------------|--|
| Non Pasyan an | | Nimewo Sekirite Sosyal | |
| Adrès | | Dat Aplikasyon an | |
| Vil | | Eta | KÒD POSTAL |
| Telefòn | | Sa Moun nan ye pou Pasyan an | Mwen Madanm/Mari Pitit Paran Granparan Pitit-Pitit Lòt |
| Revni Anyèl Brit | | Kantite moun ki nan Fanmi an | Balans ou Dwe |

FÈY DETÈMINASYON KALIFIKASYON: POU ITILIZASYON BIWO A SÈLMAN

| | | | |
|--------------------------|-----------|--------------------|---------------------------------|
| Reprezantan Èd Finansye | | Balans Kont Ajiste | |
| MRN Pasyan an | | Nimewo Kont | Nimewo Referans Bòdwo |
| Revni ki Verifye nan IRS | Wi Non | Dokiman Sipò | 1. Souch Peman 2. Lèt Djòb |
| Revni Anyèl Brit Verifye | | | Lòt, Endike: |

Nou apwouve Moun ki Aplike a pou Èd Finansye nan nivo kategori sa a (1-6, 9M))

| | | | |
|------------------------------|--|--|--|
| Dat Demann Aplikasyon an | | Dat nou Resevwa Transkripsyon Taks nan IRS | |
| Dat yo Resevwa Aplikasyon an | | Dat Kont Ajiste | |
| Dat Avi pou Èd Finansye a | | Dat Apwobasyon/Refi | |

Apwobasyon :

DEKLARASYON KI AKONPAYE APLIKASYON AN

Siyati mwen ki sou aplikasyon sa a konfime otorizasyon mwen bay pou yo afekte avantaj yo ak divilge enfòmasyon ki gen pou wè ak sèvis medikal mwen resevwa nan Montefiore Medical Center.

Pandan mwen kalifye pou Èd Finansye a, mwen dakò pou fè Montefiore Medical Center konnen nenpòt chanjman nan sitiyasyon fanmi mwen anrapò avèk kantite moun ki nan fanmi an, chanjman revni, ak pwoteksyon sante ki kapab chanje kalifikasyon mwen pou Èd Finansye a. Mwen otorize patwon mwen ak konpayi asirans sante mwen pou yo bay Montefiore Medical Center enfòmasyon sou revni, peman asirans sante pa mwa, ko-asirans, kopeman, franchiz, ak avantaj garanti mwen genyen yo.

Si m ap chèche Èd Finansye akòz yon aksidan oswa lòt ensidan epi mwen resevwa lajan akòz aksidan sa a oswa ensidan sa a nan nenpòt sous tankou Konpansasyon Travayè (Worker's Compensation) oswa yon konpayi asirans, m ap ranbouse Montefiore Medical Center pou nenpòt sèvis medikal yo ban mwen nan Montefiore Medical Center epi Èd Finansye peye oswa ajiste.

Tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a se enfòmasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen, epi mwen dakò pou bay dokiman yo si yo mande yo.

| | | | |
|--|--|--------|--|
| Non Pasyan an Lèt Detache | | Dat la | |
| Siyati Pasyan | | | |
| <i>Mwen gen otorizasyon legal pou bay konsantman mwen sou non pasyan ki endike anwo a. Relasyon mwen avèk pasyan an dekri anba la a:</i> | | | |
| Siyati Reprezantan Otorize | | Dat la | |
| Sa Moun nan ye pou Pasyan an | | | |

Ranpli fòm aplikasyon sa a epi retounen li nan adrès ki anba la a:

Montefiore Mount Vernon 12 North 7th Avenue Mt. Vernon, NY 10551 / Financial Aid Office/Main Cashiers.
Lè ou remèt yon fòm aplikasyon ou ranpli ak dokiman ki kore aplikasyon an, ou pa bezwen peye okenn bòdwo jouk lè lopital la pran yon desizyon sou aplikasyon ou. Tanpri ranpli aplikasyon an nan 30 jou.